

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Méthode Panalungtikan**

Méthode panalungtikan mangrupa rangkay tina cara atawa kagiatan panalungtikan anu didasaran ku asumsi-asumsi dasar, pandangan-pandangan filosofis jeung ideologis, patalékan jeung isu-isu anu disanghareupan. Hiji méthode panalungtikan miboga rancangan panalungtikan (*research design*) anu tangtu. Ieu rancangan ngagambarkeun prosedur atawa léngkah-léngkah anu rék dihontal, waktu panalungtikan, sumber data jeung kondisi naon harti data dikumpulkeun, jeung kumaha cara éta data dihimpun jeung diolah (Sukmadinata, 2012, kc.52).

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode kuantitatif ngaliwatan pamarekan ékspérimen kuasi. Numutkeun Sukmadinata (2012, kc.207), pangna disebut ékspérimen kuasi, kusabab lain mangrupa ékspérimén murni tapi kawas nu murni. Ieu ékspérimén biasana disebut ogé ékspérimén semu.

Méthode ékspérimén kuasi dina ieu panalungtikan, pikeun mikanyaho bédana antara kamampuh ngaregepkeun siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray*.

#### **3.2 Desain Panalungtikan**

Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun desain *Pre-test and Post-test Group*. Ieu panalungtikan maké kelas ékspérimén, kalawan henteu ngagunakeun kelas kontrol, anu tujuanana pikeun mikanyaho bédana antara kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray*.

Dina ieu méthode kamampuh ngaregepkeun siswa diuji dua kali, nya éta saméméh dibéré *treatment (pretest)* jeung sabada dibéré *treatment (posttest)* ngagunakeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray*. Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta ieu di handap.

**Tabel 3.1**  
*Pre-test and Post-test Group*

<b>Saméméh (Pretest)</b>	<b>Treatment</b>	<b>Sabada (Posttest)</b>
<b>O<sub>1</sub></b>	<b>X</b>	<b>O<sub>2</sub></b>

(Arikunto, 2013, kc. 124)

Keterangan:

**O<sub>1</sub>** : kamampuh ngaregepkeun siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray (Pretest)*

**O<sub>2</sub>** : kamampuh ngaregepkeun siswa sabada ngagunakeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray (Posttest)*

**X** : *Treatment* (pangajaran ngaregepkeun dongéng ngagunakeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray*)

### 3.3 Variabel jeung Wangenan Operasional

#### 3.3.1 Variabel

Variabel panalungtikan nya éta sagala hal ngawangun naon waé anu ditetepkeun ku panalungtik pikeun dipaluruh sangkan meunngkeun informasi ngeunaan éta hal, tuluy dicindekkeun (Sugiyono, 2012, kc.2).

Dumasar hubungan antara hiji variabel jeung variabel séjénna, mangka rupa-rupa variabel dibédakeun jadi:

- 1) variabel *Independen*, ieu variabel sok disebut ogé variabel *stimulus*, *prediktor*, *antecedent*. Variabel *independent* (bébas), nya éta variabel anu mangaruhan atawa anu jadi nyababkeun robahna atawa nimbulna variabel *dependent* (kauger); jeung
- 2) variabel *Dependent*, sok disebut ogé *output*, kriteria, jeung konsekuén. Variabel *dependent* (kauger), mangrupa variabel anu dipangaruhan atawa jadi balukar, ku sabab ayana variabel bébas (Sugiyono, 2012, kc. 4).

Dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikan anu jadi variabel bébas (X) nya éta dilarapkeunna modél pangajaran *Two Stay Two Stray*, sedengkeun variabel kauger (Y) dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh ngaregepkeun dongéng.

### 3.3.2 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré dina ngalaksanakeun panalungtikan perlu aya wangenan operasional anu digunakeun dina judul panalungtikan ieu :

- 1) Modél Pangajaran *Two Stay Two Stray* nya éta modél pangajaran ngawengku opat urang siswa unggal kelompokna, anu méré kasempetan pikeun ngabagikeun hasil jeung informasi ka kelompok séjén. Jadi dina ieu panalungtikan, dipakéna modél pangajaran *Two Stay Two Stray* pikeun pangajaran ngaregepkeun dongéng.
- 2) Kamampuh ngaregepkeun dongéng nya éta prosés nguping, maham, jeung nyangkem eusi sarta informasi dongéng anu ditepikeun ku siswa (anu cicing di kelompokna) ti unggal kelompok di kelas VII A SMPN 2 Lembang. Kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa luyu jeung ngaregepkeun tingkat analisis. Ieu tingkat analisis nya éta pikeun maham informasi dina dongéng anu ngawengku unsur-unsur intrinsik. Kamampuh ngaregepkeun tingkat analisis téh dumasar kana tingkat ingetan jeung tingkat pamahaman siswa kana dongéng anu diregepkeunna.
- 3) Dongéng nya éta carita rékaan anu ngandung unsur pamohalan dina wangun prosa sarta ukunana parondok. Ku kituna, dongéng anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta 9 rupa dongéng sasakala anu ngawengku dongéng “Sasakala Situ Bagendit”, dongéng “Sasakala Tangkuban Parahu”, dongéng “Sasakala Biruang jadi Galak”, dongéng “Sasakala Gagak jadi Hideung”, dongéng “Sasakala Gunung Geulis”, dongéng “Sasakala Japati Sukuna Beureum”, dongéng “Sasakala Lalay”, dongéng “Sasakala Talaga Warna”, jeung dongéng “Sasakala Uncal Tandukan”.

### 3.4 Téknik Panalungtikan

#### 3.4.1 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téknik tés. Tés nya éta runtuyan patalékan atawa latihan atawa alat séjén anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, *intelengensi*, jeung kamampuh, atawa bakat anu aya dina diri individu atawa kelompok (Misbahuddin, 2013, kc. 17). Dina ieu panalungtikan tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh saméméh jeung kamampuh sabada hasil diajar ngaregepkeun dongéng ngagunakeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray*.

Téknik tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun ngumpulkeun data anu baris dianalisis ngeunaan modél pangajaran *Two Stay Two Stray* dina pangajaran ngaregepkeun dongéng.

#### 3.4.2 Instrumén Panalungtikan

Sacara fungsional instrument panalungtikan nya éta pikeun meunangkeun data anu diperlukeun nalika panalungtik geus aya dina léngkah ngumpulkeun informasi atawa data di lapangan (Sukardi, 2004, kc. 75). Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés. Tés mangrupa alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh ngaregepkeun dongéng. Wangun tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés objéktif, ku sabab tés objéktif cocog digunakeun pikeun ngévaluasi hasil diajar anu mangrupa kamampuh: nginget deui fakta-fakta, maham kana hubungan anantara dua hal atawa leuwih, jeung ngaplikasikeun prinsi-prinsip (Supriyadi, 2013, kc. 8). Jenis tés objéktif anu digunakeun mangrupa soal Pilihan Ganda (PG) anu jumlahna 20 soal. Tés dilakukeun dua kali nya éta saméméh ngagunakeun model pangajaran *Two Stay Two Stray (pretest)* jeung sabada ngagunakeun model pangajaran *Two Stay Two Stray (posttest)*. Saméméh nyieun instrumén tés, panalungtik kudu nangtukeun kisi-kisi tés sangkan babari dina nyieun tésna.

Ieu di handap kisi-kisi tés anu dipaké dina panalungtikan.

**Tabél 3.2**  
**Kisi-kisi Tés**

Unsur-unsur Intrinsik	Analisis		No. Soal
	Ingetan	Pamahaman	
<b>Téma</b>		2	9, 15
<b>Tokoh</b>	5		1, 5, 10, 12, 17
<b>Latar</b>	5	2	2, 4, 6, 11, 14, 16, 18
<b>Galur</b>		2	8, 19
<b>Amanat</b>		4	3, 7, 13, 20

Kisi-kisi di luhur dumasar tingkatan kaparigelan ngaregepkeun sarta udagan dina pangajaran dongéng, nya éta maham eusi sarta nyangking informasi nu aya dina dongéng anu ngawengku unsur-unsur instrinsik. Ku kituna, dina nyieun instrumén tés téh kudu luyu jeung kisi-kisi anu geus ditangtukeun di luhur. Tés dibikeun ka siswa saméméh dibéré *treatment* jeung sabada dibéré *treatment*. Lembaran soal tés kamampuh diajar siswa aya dina lampiran.

Saméméh ngalakukeun tés ka siswa kelas ékspérimén, tés diuji coba validitasna. Tujuan uji validitas nya éta pikeun mikanyaho tingkat kasahihan butir soal. Upama hiji tés kasebut luhur, mangka kasahihan butir soalna luhur, sabalikna hiji tés kasebut handap, mangka kasahihan butir soalna handap. Nguji kasahihan tés ngawengku sakabéh butir soal, saupama aya sababaaha butir soal valid, mangka sakabéh butir soal kasebut valid atawa sah tingkat luhur. Hasil nguji validitas instrumén soal PG ka kelas non-ékspérimén aya dina lampiran.

Dumasar hasil analisis validitas data di luhur, kasahihan butir soal bisa disebut valid atawa kasahihanna luhur saupama  $r_{itung} > r_{tabel}$ , signifikasi  $r_{tabel}$  5%. Jadi butir soal nomor 1, 2, 3, 4, 5, 6, 8, 9, 10, 11, 12, 13, 14, 15, 16, 17, 18, jeung 20 miboga koefisien anu luhur ngaleuwihan batas signifikasi 5%. Éta hal miboga harti butir soal kasebut miboga tingkat kasahihan anu luhur, sarta ngabuktikeun yén ieu soal téh valid bisa diuji cobakeun ka kelas ékspérimén.

### 3.4.3 Téknik Ngolah Data

Ieu di handap baris dipedar téknik ngolah data dina ieu panalungtiukan.

#### a. Meunteun Hasil Saméméh (*Pretest*) jeung Sabada (*Posttest*) Siswa

Meunteun mangrupa tahap awal dina ngolah jeung nganalisis data. Ku sabab, data pikeun ngolah jeung nganalisis mangrupa hasil tés kamampuh ngaregepkeun siswa. Ku kituna, dina kagiatan meunteun teu bisa sagawayah, kudu ku pihak-pihak anu paham kana evaluasi pangajaran. Kaasup guru anu ancrub kana dunya atikan di kelas. Salian ti pancénna ngajar jeung ngatik, guru ogé miboga pancén salaku évaluator.

Dina raraga meunteun, guru kudu nyangking pangaweruh jeung kaparigelana kana prinsip-prinsip évaluasi, nya éta kontiyu, nyoko kana tujuan, saimbang tur objéktif. Sarta guru ogé kudu weruh kana prosés évaluasi, nyoko kana téknik jeung évaluasi, parigel dina nyusun soal, bisa ngolah skor, jeung bisa ngagunakeun évaluasi pikeun widang atikan.

Frékuénsi peunteun pangajaran ngaregepkeun dongéng, panalungtik ngadékrupsikeun dina wangun tabél, peunteun anu nyoko kana indikator matéri dongéng dumasar kurikulum 2013 anu geus ditangtukeun.

**Tabel 3.3**

#### **Pedoman meunteun Kamampuh Ngaregepkeun Dongéng**

<b>Aspék</b>	<b>Indikator</b>	<b>Butir Soal</b>	<b>Skor</b>
<b>(1)</b>	<b>(2)</b>	<b>(3)</b>	<b>(4)</b>
Eusi	7.3.5.1 Menyimak dan membaca teks	1. Saha palaku anu katelah jadi Situ	1

Fina Lanah Diyana, 2017

**MODÉL PANGAJARAN TWO STAY TWO STRAY PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NGAREGEPKEUN DONGÉNG**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

	<p>7.3.5.2 Mengamati kaidah-kaidah dongeng dan ngadongeng</p>	<p>Bagendit? a. Nyi Roro Kidul b. Nyi Endit c. Nyi Putri d. Biruang</p>	
		<p>2. Dimana tempat kajadian dongéng “Sasakala Situ Bagendit”? a. di wewengkon Garut b. di wewengkon Sumedang c. di wewengkon Tasikmalaya d. di tutugan gunung Galunggung</p>	1
		<p>3. Amanat dina dongéng “Sasakala Situ Bagendit” nya éta ... a. jadi jalama ulah korét, kudu babagi jeung sasama b. kudu bisa ngajaga émosi c. dina ngomong kudu ati-ati, dipikir heula saacan dikedalkeun d. urang kudu ngaharganaan kana paméré batur</p>	1
		<p>4. Dongéng “Sasakala Situ Bagendit” nyaritakeun ngeunaan asal-usul. . . a. hiji barang b. pacaduan</p>	1

		<p>c. sasatoan d. tempat</p>	
		<p>5. Tokoh nu aya dina dongéng “Sasakala Tangkuban Parahu” nya éta, iwal ... a. Dayang Sumbi b. si Tumang c. Prabu Siliwangi d. Sangkuriang</p>	1
		<p>6. Latar tempat dongéng “Sasakala Tangkuban Parahu” nya éta ... a. Leuweung jeung Istana Karajaan b. Istana Karajaan c. Leuweung d. di Susukan</p>	1
		<p>7. Amanat dina dongéng “Sasakala Tangkuban Parahu” nya éta ... a. jadi jalama ulah korét b. sagala kalakuan kagoréngan pasti aya babalesna c. dina ngomong kudu ati-ati, dipikir heula saacan dikedalkeun d. urang kudu ngaharganaan kana paméré batur</p>	1
		<p>8. Galur dina dongéng “Sasakala Tangkuban Parahu” nya éta ... a. mundur b. maju c. campuran</p>	1



		d. teu maju	
		9. Naon téma dongéng “Sasakala Biruang Jadi Galak”? a. budak doraka b. pasipatan jalma anu sok jalir janji c. babales jalma anu korét d. silih tulungan jeung sasama	1
		10. Tokoh anu aya dina dongéng “Sasakala Biruang Jadi Galak” nya éta ... a. Gagak jeung Oray b. Beurit jeung Lalay c. Biruang jeung Jurutani d. Uncal jeung Jurutani	1
		11. Latar tempat dongéng “Sasakala Biruang Jadi Galak” nya éta ... a. di Leuweung jeung Istana Karajaan b. di Istana Karajaan c. di Sisi Leuweung d. di Susukan	1
		12. Tokoh anu aya dina dongéng “Sasakala Gagak Jadi Hideung” nya éta ... a. Gagak b. Gagak jeung Uncal c. Gagak jeung Oray d. Oray	1

		<p>13. Naon amanat anu aya dina dongéng “Sasakal Gagak Jadi Hideung”?</p> <p>a. ulah ngarebut barang batur atawa kadaharan batur, éta téh sarua jeung maling</p> <p>b. ulah ngaclomkeun manéh kana ka jero pajinan bisi hideung</p> <p>c. ulah nanya kanu teu wawuh</p> <p>d. lamun aya maling kudu diberik</p>	1
		<p>14. Dimana pernahna Gunung Geulis téh?</p> <p>a. di Jatinangor, Sumedang</p> <p>b. di Rancaekek, Kab. Bandung</p> <p>c. di Cililin, Garut</p> <p>d. di Singaparna, Kab. Tasikmalaya</p>	1
		<p>15. Naon téma anu aya dina dongéng “Sasakala Japati Sukuna Beureum”?</p> <p>a. getih anu teu bersih</p> <p>b. du’a anu ka jjabah</p> <p>c. balukar tina kaangkuhan jeung kasombongan</p> <p>d. jeritan haté anu kaaniaya</p>	1
		<p>16. Latar waktu dina dongéng “Sasakala</p>	1

		<p>Lalay” téh nya éta ...</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>isuk-isuk</li> <li>peuting</li> <li>beurang</li> <li>pasosoré</li> </ol>	
		<p>17. Tokoh nu aya dina dongéng “Sasakala Uncal Tandukan” nya éta ...</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>Uncal jeung Kuda</li> <li>Uncal jeung Maung</li> <li>Kuda jeung Maung</li> <li>Uncal</li> </ol>	1
		<p>18. Latar tempat jeung waktu dina dongéng “Sasakala Uncal Tandukan” nya éta ...</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>di Sisi Leuweung, wanci haneut poyan</li> <li>di Sisi Talaga, wanci maceran</li> <li>di Sisi Leuweung, wanci manceran</li> <li>di Sisi Talaga, wanci hanteut poyan</li> </ol>	1
		<p>19. Galur dina dongéng “Sasakala Talaga Warna” nya éta ...</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>maju</li> <li>mundur</li> <li>campuran</li> <li>teu maju</li> </ol>	1
		<p>20. Naon amanat anu kudu dieuteung tina dongéng “Sasakala Talaga Warna”?</p>	1

		a. jadi jalma ulah sok adigung b. jadi jalma ulah korét c. jadi budak kudu nurut kana papatah indung jeung bapana d. jadi jalma kudu ngahargaan kana paméré batur	
<b>Jumlah</b>			20

Pikeun meunteun hasil ngaregepkeun siswa kana dongéng anu geus diregepkeun ti babaturanna (siswa anu cicing di kelompokna), digunakeun pedoman meunteun saperti tabel tabel 3.4. Dumasar kana pedoman di luhur, skor maksimal nya éta 20, skor anu kahontal ku siswa dirobah jadi skor atah kalawan ngagunakeun rumus saperti di handap ieu:

$$Skor\ Atah = \frac{Skor\ nu\ kahontal}{Skor\ Maksimal} \times 100$$

Katerangan

KKM : 75

Peunteun maksimal : 100

Katégori :

- Peunteun  $\geq 75$ , siswa dianggap mampu ngaregepkeun dongéng.
- Peunteun  $< 75$ , siswa dianggap can mampu ngaregepkeun dongéng.

#### **b. Ngasupkeun Data Hasil Meunteun**

Sabada meunteun hasil saméméh (*pretest*) jeung sabada (*posttest*) data asupkeun kana tabél saperti ieu di handap.

**Tabel 3.4**  
**Data Hasil Meunteun**

No.	Aspék					Peunteun	Katerangan
	1	2	3	4	5		
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)

Katerangan:

- 1 : Téma
- 2 : Tokoh
- 3 : Latar
- 4 : Galur
- 5 : Amanat

### c. Nguji Sipat Data

Dina nguji sipat data ngawengku uji normalitas jeung uji homogénitas. Ieu di handap léngkah-léngkah nguji sipat data.

#### 1) Uji normalitas data

Uji normalitas dina ieu panalungtikan pikeun ngayakinkeun yén data anu dibeunangkeun tina hasil *pretest* jeung *posttest* téh normal. Uji normalitas ieu ngagunakeun uji *Chi-Kuadrat* ( $X^2$ ) Ieu di handap léngkah-léngkah dina nguji normalitas data.

- a) Nangtukeun peunteun panggedéna jeung pangleutikna.
- b) Ngitung rentang ( $r$ ) ngagunakeun rumus ieu di handap.

$$r = \text{peunteun panggedéna} - \text{peunteun pangleutikna}$$

(Sudjana, 2005, kc.91)

#### c) Nangtukeun jumlah kelas ( $k$ )

$$k = 1 + 3,3 \log n$$

(Sudjana, 2005, kc.47)

d) Nangtukeun panjang kelas ( $p$ )

$$p = \frac{r}{k}$$

(Sudjana, 2005, kc.47)

e) Nyieun tabel frékuénsi distribusi

**Tabel 3.5****Distribusi Frékuénsi Hasil *Pretest***

No	Kelas Interval	$f_1$	$x_1$	$x_1^2$	$f_1 x_1$	$f_1 x_1^2$
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)
1						
2						
...						

f) Ngitung rata-rata peunteun (*mean*) *pretest* jeung *posttest* kalayan ngagunakeun rumus ieu di handap.

$$\bar{x} = \frac{\sum f_1 \cdot x_1}{\sum f_1}$$

(Sudjana, 2005, kc. 67)

Keterangan:

- $\bar{x}$  = rata-rata  
 $\sum$  = jumlah  
 $f_1$  = jumlah data  
 $x_1$  = niléy tengah

g) Ngitung standar deviasi (*sd*)

$$sd = \sqrt{\frac{n \sum f_1 x_1^2 - (\sum f_1 x_1)^2}{n(n-1)}}$$

(Sudjana, 2005, kc.95)

Katerangan:

 $sd$  = standar deviasi $\sum f_1 x_1^2$  = jumlah frékuénsi niléy $\sum f_1 x_1$  = jumlah frekuénsi niléy c kuadrat $n$  = jumlah subjék panalungtikan

h) Ngitung frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspétasi (perkiraan)

Pikeun ngitung frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspétasi (perkiraan) dilakukeun léngkah-léngkah ieu di handap.

(a) Nyieun tabel frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspétasi (perkiraan)

*pretest* maké rumus *chi*-kuadrat**Tabel 3.6****Frékuénsi Observasi jeung Frékuénsi Ékspétasi (Perkiraan) *Pretest* jeung*****Posttest* Maké Rumus *Chi*-kuadrat**

Kelas Interval	$O_1$	Bk	$Z_{itung}$	$Z_{tabel}$	L	$E_1$	$\frac{(O_1 - E_1)^2}{E_1}$
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)

Fina Lanah Diyana, 2017

**MODÉL PANGAJARAN TWO STAY TWO STRAY PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH  
NGAREGEPKEUN DONGÉNG**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

$\Sigma$							
----------	--	--	--	--	--	--	--

- (b) Frékuénsi obsérvasi ( $O_1$ ) atawa peunteun  $f$  anu mangrupa lobana data nu kaasup kana hiji kelas interval.
- (c) Nangtukeun batas kelas (Bk). Diitung kalawan ngagunakeun rumus:
- (d) BK handap = interval - 0,5  
BK luhur = interval + 0,5
- (e) Nangtukeun  $Z_{itung}$  (transformasi normal standar bébas kelas)

$$Z = \frac{(Bk - \bar{x})}{sd}$$

(Purnamasari, 2013, kc.53)

- (f) Nangtukeun  $Z_{tabel}$
- (g) Ngitung legana unggal kelas interval (L)

$$L = Z_{tabel_1} - Z_{tabel_2}$$

(Purnamasari, 2013, kc.53)

- (h) Ngitung frékuénsi aplikasi ( $E_1$ )

$$E_1 = n \times L$$

(Purnamasari, 2013, kc.53)

- (i) Nangtukeun *chi*-kuadrat ( $X^2$ )

$$X^2 = \sum \frac{(O_1 - E_1)^2}{E_1}$$

(Sudjana, 2005, kc. 273)

- (j) Nangtukeun derajat kebebasan ( $dk$ )

$$dk = k - 3$$

(Sudjana, 2005, kc. 293)

- (k) Nangtukeun *chi*-kuadrat tina daftar ( $X^2_{tabel}$ )

- (l) Nangtukeun normalitas sumber data maké katégori ieu di handap.



Saupama  $X_{itung}^2 < X_{tabel}^2$ , hartina distribusi data normal, sedengkeun

Saupama  $X_{itung}^2 > X_{tabel}^2$ , hartina distribusi data teu normal.

2) Uji homogénitas peunteun *pretest* jeung *posttest*

Dina ieu panalingtikan pikeun mikanyaho homogén atawa henteuna variansi sumber data saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray* dina pangajaran ngaregepkeun dongéng nya éta ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

a) Ngitung variansi masing-masing kelompok

(a) Variansi data *pretest*

$$S_1 = \frac{n \sum f_1 x_1^2 - (f_1 x_1)^2}{n(n-1)}$$

(b) Variansi data *posttest*

$$S_1 = \frac{n \sum f_1 x_1^2 - (f_1 x_1)^2}{n(n-1)}$$

(Sudjana, 2005, kc. 95)

b) Ngitung distribusi F

$$F = \frac{\text{variansi nu leuwih gedé}}{\text{variansi nu leuwih leutik}}$$

(Susetyo, 2012, kc. 160)

c) Ngitung derajat kebébasan (dk)

Ngitung dk salaku pembilang ( $n_1$ )

$$Dk(n_1) = k - 1$$

(Sudjana, 2005, kc. 293)

Ngitung dk salaku pembilang ( $n_2$ )

$$Dk(n_2) = n - k$$

d) Nangtukeun  $F_{tabel}$

$F_{tabel}$  kalayan ngagunakeun tingkat kapercayaan 99%

e) Uji homogénitas

Pikeun nangtukeun homogén atawa henteuna data dumasar kana katégori ieu di handap.

(a) Saupama  $F_{itung} < F_{tabel}$  variansi sampel homogén, sedengkeun

(b) Saupama  $F_{itung} > F_{tabel}$  variansi sampel teu homogén

#### d. Uji gain

Uji gain miboga tujuan pikeun nangtukeun naha aya béda anu signifikan antara hasil *pretest* jeung *posttest*. Hasil tina uji gain dipaké salaku gambaran ngeunaan éféktifitas model pangajaran *Two Stay Two Stray* pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngaregepekeun siswa kelas VII A SMP Negeri 2 Lembang.

**Tabel 3.7**  
**Tabel Uji Gain Siswa**

No	Pretest						Peunteun	Posttest					Peunteun	Selisih					Selisih Peunteun un ( $D$ )	Selisih Peunteun dikuadratkan ( $D^2$ )	
	Aspék Ngaregepkeun Dongéng					Peunteun		Aspék Ngaregepkeun Dongéng						Peunteun	Aspék Ngaregepkeun Dongéng						
	1	2	3	4	5			1	2	3	4	5			1	2	3	4			5
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)	(10)	(11)	(12)	(13)	(14)	(15)	(16)	(17)	(18)	(19)	(20)		
1																					
2																					
3																					
...																					
$\Sigma$																					
$\bar{x}$																					

#### e. Uji hipotésis

Pikeun nguji hipotésis ditingali tina hasil uji t anu geus dilakukeun. Kritéria anu digunakeun nya éta ( $H_1$ ) ditarima ( $H_0$ ) ditolak lamun  $t_{itung} > t_{tabel}$  jeung ( $H_1$ ) ditolak ( $H_0$ ) ditarima lamun  $t_{itung} < t_{tabel}$ .

Ieu dihandap léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun uji béda rata-rata (uji-t) numutkeun Susetyo (2012, kc. 208).

a) Nangtukeun selisih pasangan skor  $D$

$$D = X_1 - X_2$$

Keterangan:

$D$  = Selisih pasangan skor

$X_1$  = *Pretest*

$$X_2 = \text{Posttest}$$

b) Rata-rata selisih pasangan  $D$

$$\bar{D} = \frac{\sum D}{n}$$

Keterangan:

$\bar{D}$  = Rata-rata selisih pasangan  $D$

$\sum D$  = Jumlah selisih pasangan skor

$n$  = Jumlah siswa

c) Nyieun tabél uji-t

**Tabel 3.8**

**Tabel Uji-t**

No.	No. Urut Siswa	Peunteun Pretest	Peunteun Posttest	$D$	$D^2$	$(D - \bar{D})$	$(D - \bar{D})^2$
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)
	1						
	2						
	3						
	4						
	5						
	6						

d) Simpangan baku  $D$  ( $S_D$ )

$$S_D = \sqrt{\frac{\sum (D - \bar{D})^2}{n - 1}}$$

Keterangan:

$S_D$  = Simpangan baku  $D$

$D$  = Selisih pasangan skor

$\bar{D}$  = Rata-rata selisih pasangan  $D$

$\sum (D - \bar{D})^2$  = Jumlah  $D$  jeung  $\bar{D}$  dikuadratkeun

$n$  = Jumlah siswa

e) Rata-rata Simpangan baku  $D$  ( $S_{\bar{D}}$ )

$$S_{\bar{D}} = \frac{S_D}{\sqrt{n}}$$

Keterangan:

$S_{\bar{D}}$  = Rata-rata Simpangan baku  $D$

$S_D$  = Simpangan baku  $D$

$n$  = Jumlah siswa

f) Uji-t ( $t$ )

$$t = \frac{\bar{D}}{S_{\bar{D}}}$$

Keterangan:

$t$  = uji béda rata-rata (Uji-t)

$\bar{D}$  = Rata-rata selisih pasangan  $D$

$S_{\bar{D}}$  = Rata-rata Simpangan baku  $D$

#### f. Nyieun Kacindekan

Kacindekan bisa ditarik tina hasil ngolah data. Sarua henteuna kamampuh saméméh (*pretest*) jeung sabada (*posttest*) ngagunakeun modél *Two Stay Two Stray* siswa katangen tina hasil ngolah jeung nganalisis data tés ti kelas ékspérimén. Aya béda anu signifikan antara kamampuh saméméh (*pretest*) jeung kamampuh sabada (*posttest*) siswa ngagunakeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray*.

### 3.5 Sumber Data

Sumber data nya éta sakabéh subjék anu ditalungtik. Sumber data dina ieu panaungtikan nya éta hasil ngaregepkeun dongéng anu mangrupa évaluasi ti siswa kelas VII A. Jumlah siswa kelas VII A nya éta 36 siswa anu ngawengku 17 urang siswa lalaki sarta 19 urang siswa awéwé. Sumber data dipilih téh dumasar tinimbang kritéria anu tangtu, diantarana sasaran kamampuh antarkelas, sarta jumlah antarkelas anu sarua anu dijadikeun panalungtikan.

### 3.6 Léngkah-léngkah garapan

#### A. Tatahar:

- a. ngajukeun judul panaluntikan;
- b. nyusun rarancang panalungtikan;
- c. ngayakeun ulikan pustaka; jeung
- d. nangtukeun sumber data.

#### B. Tahap ngumpukeun data:

- 1) ngayakeun observasi;
- 2) ngayakeun tés awal jeung tés ahir di kelas ékspérimén.

**C. Tahap ngolah data:**

- 1) mariksa deui kalawan gemet data anu geus kakumpul;
- 2) ngelompokeun data anu dianggap satata;
- 3) mariksa tés awal jeung tés ahir di kelas ékspérimén;
- 4) ngitung béda rata-rata peunteun tés awal jeung tés ahir di kelas ékspérimén;
- 5) ngitung béda rata-rata peunteun tés awal jeung tés ahir di kelas ékspérimén.

**D. Tahap nyusun laporan**

Tahap nyusun laporan téh mangrupa tahap pamungkas dina nyieun panalungtikan. Sistematika nyieun skripsi anu léngkah-léngkahna nya éta:

PANGJAJAP

DAFTAR EUSI

BAB I BUBUKA

BAB II ULIKAN PUSTAKA, RARAGA MIKIR, JEUNG  
HIPOTÉSIS

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

BAB IV HASIL PANALUNGTIKAN JEUNG PEDARAN

BAB V KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

DAFTAR PUSTAKA

LAMPIRAN

RIWAYAT HIDUP





## Daftar Pustaka

- Sukmadinata, Nana Syaodih. 2012. *Metode Penelitian Pendidikan*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Arikunto, S. 2013. *Prosedur Penelitian Suatu Kedekatan Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Sugiyono. 2012. *Metode Penelitian Kualitatif, Kuantitatif, dan R & D*. Bandung: Alfabeta.
- Sugiyono. 2012. *Statistik untuk Penelitian*. Bandung: Alfabeta.
- Misbahuddin dan Iqbal Hasan. 2013. *Analisis Data Penelitian dengan Statistik*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Supriyadi. (2013). *Evaluasi Pembelajaran Bahasa Indonesia*. Gorontalo: UNG Press Gorontalo.
- Sukardi. 2004. *Metodologi Penelitian Pendidikan*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Purnamasari, Tika. 2013. *Skripsi éféktifitas Média Audio-Visual pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngaregepkeun Paguneman. Bandung FPBS UPI*.
- Sudjana. 2005. *Metode Statistika*. Bandung: PT. Tarsito Bandung.
- Susetyo, Budi. *Statistika untuk Analisis Data Penelitian*. Bandung: PT Refika Aditama.



